



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AIM PHOTONICS TE RESEVWA 321 MILYON DOLA  
POU KONTINYE KONSTWI EKOSISTÈM FOTONIK SOU SILISYÒM SOLID NAN  
ETAZINI**

***Nouvo sik finansman an pral pèmèt pwochen faz devlopman an pou aplikasyon  
defans kritik ak lòt kapasite avanse***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Enstiti Ameriken pou Fabrikasyon Fotonik (AIM Photonics) te garanti yon nouvo akò koperatif sèt ane avèk Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryen (Air Force Research Laboratory, AFRL) ak Fondasyon Rechèch State University of New York, ki gen ladan sipò ki bay yon total ki depase 321 milyon dola.

Finansman an gen ladan 165 milyon dola AFRL te bay nan non Depatman Defans Etazini an ak 156 milyon dola ki soti lòt kote, sa gen ladan plis pase 60 milyon dola Eta New York te bay anvan nan kad yon angajman 250 milyon dola pou etabli enstiti a, kontribisyon konpayi, kolèj ak invèsite ak lòt gouvènman eta k ap patisipe. Fon yo pral itilize pou ede asire preparasyon pou fabrikasyon fotonik avanse yo, yon teknoloji ki esansyèl pou sekirite nasyon an ak detèminan pou lavni mikwo-elektwonik pèfòmans elve yo.

"Pandan New York kontinye reskonstwi ekonomi nou an, nou rete konsantre sou devlope sektè teknoloji ki nouvo ak emèjan ki pral motè ekonomik pou lavni", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare**, "Anba administrasyon mwen an, New York ap toujou fè tout sa ki posib pou sipòte lespri ki pi entèlijan nou yo pandan y ap pouse limit sa ki posib yo epi avèk finansman sa a ki disponib, nou, kounye a, pi kapab asire New York ak nasyon an ap rete nan avangad monn inovasyon, rechèch ak devlopman teknolojik la".

**Direktè Biwo Sou-Sekretè Teknoloji Defans ak pwogram Baz Endistriyèl Fabrikasyon, Rob Gold, te deklare**, "Prim sa a siyifi angajman kontinyèl Depatman an pou fè avanse teknoloji fotonik entegre yo ansanm avèk investisman li yo nan mikwo-elektwonik. AIM Photonics te atenn yon siksè teknik remakab nan peryòd inisyal senk ane li a kòm yon Enstiti Inovasyon nan Fabrikasyon. Yo prevwa plis pwogrè toujou pou pwochen sèt ane yo kòm baz endistriyèl lokal la nan fotonik entegre ap evolye".

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare**, "Gras ak travay ak rechèch depwent ekip nan NY

CREATES ak AIM Photonics ap fè, Eta New York kontinye rekonèt kòm yon pyonye nan domèn emèjan sa a, kote aplikasyon an gen potansyèl pou kouvri yon bann mache komèsyal. Patenarya pwolonje Depatman Defans lan avèk New York pral pèmèt nou devlope plis endistri depwent sa a ak kreye opòtinite ekonomik, kounye a ak alavni, atravè eta a".

AIM Photonics, ki gen syèj sosyal nan Konplèks Albany Nanotech nan Rejyon Nò Eta New York pral kontinye travay li pou devlope kapasite fotonik entegre avanse pou yon bann pwodui ki egziste epi pral favorize aplikasyon enpòtan tankou kominikasyon done, telekominikasyon, deteksyon limyè ak telemetri (LiDAR), deteksyon chimik ak byolojik, entèlijans atifisyèl, aplikasyon kantik ak aplikasyon DoD pèsonalize.

Enstiti a angaje tou pou asire gen yon mendèv trè konpetan pou sipòte endistri a atravè edikasyon ak pwogram devlopman mendèv ki sipòte fabrikasyon nan tout ekosistèm fotonik sou silisyòm. Angajman sa a gen ladan gwo kòporasyon, konpayi fabrikasyon piti rive nan mwayen, chèchè inivèsite, ajans federal ak manm chèn apwovizyonman endistri fotonik la.

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Kounye a plis pase jamè li enpòtan pou nou investi nan teknoloji lavni ak sipòte ekosistèm fotonik klas mondyal nou an soti Albany rive Rochester ak odela. Prim konsiderab sa a non sèlman pral ranfòse sekirite nasyonal nou men tou pral ede ranfòse ak fè avanse endistri fotonik nasyon nou an pou prezève avantaj konpetitif Amerik la nan fabrikasyon pou jenerasyon alavni yo".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Investisman sa a nan rechèch ak devlopman fotonik enpòtan pou enterè sekirite nasyonal nou yo. New York te yon lidè depi lontan nan fabrikasyon avanse epi mwen pral kontinye batay pou asire AIM Photonics ak lòt enstitisyon New York yo gen resous yo bezwen pou kontinye mennen rechèch depwent".

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "New York deja nan avangad optik ak fotonik avanse epi prim eksite sa a pral konsolide plis plas nou kòm yon lidè nan inovasyon global. Kòm yon manm nan Komite Sèvis Lame ak fondatè Optics & Photonics Caucus, mwen espesyalman eksite konsènan opòtinite finansman sa a prezante pou ranfòse teknoloji defans nou yo ak sipòte Fòs Lame nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak anpil patnè gouvènman nou yo pou devouman yo depi lontan pou fè avanse ekonomi inovasyon New York la".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Investisman solid nan teknoloji fabrikasyon yo ofri gwo dividann pou nasyon nou an, sipòte yon mendè trè kalifye, ankouraje kwasans ekonomik ak ranfòse konpetitivite Ameriken aletranje. Finansman sa a solidifye Eta New York kòm yon lidè nan rechèch ak devlopman pandan l ap ranfòse sekirite nasyonal nou. Mwen remèsye vizyon AIM Photonics ak tout patnè sa yo nan efò diy yo pou devlope teknoloji fabrikasyon ak fotonik nan Etazini".

AIM Photonics te devlope yon [twous konsepsyon pwosesis](#) ki sipòte otomasyon konsepsyon fotonik elektwonik (Electronic Photonic Design Automation, EPDA) soti nan pis rive nan pake (anbalaj). Mete avèk pwogram plakèt multi-pwojè li a ak tè, asanblaj ak kapasite anbalaj inik li, sa pèmèt konseptè yo fabrike konsepsyon yo nan yon fraksyon depans ki nòmalman asosye avèk devlopman pwototip.

AIM Photonics te rekonèt nan tout nasyon an pou kreyasyon premye ekosistèm fabrikasyon fotonik sou silisyòm ki konplè ak aksè ouvri nan monn lan ki sipòte teknoloji fotonik aktyèl ak alavni yo. Ekosistèm AIM lan bay endistri fotonik lan, kominote rechèch akademik lan ak DoD aksè ak yon ansanm zouti konsepsyon konplè, fabrikasyon plakèt avanse, tè ak teknoloji anbalaj pis pandan tout sik devlopman pwodui a. Travay la fèt nan enstalasyon Tès, Aasanblaj ak Anbalaj (Test, Assembly and Packaging, TAP) nan Rochester, New York ak Konplèks Albany Nanotech la, ke NY CREATES posede ak opere epi rekonèt kòm sit R&D semi-kondiktè piblik ak pi avanse nan nasyon an.

**Doktè Tod A. Laursen, Prezidan Pwovizwa Enstiti Politeknik SUNY ak Prezidan Konsèy Direksyon AIM Photonics la, te deklare,** "Nou patikilyèman byen pozisyone pou bay yon anviwònman fabrikasyon pwouve ak avanse ki vital pou evolisyon fotonik entegre. Objektif nou se pou kontinye ogmante patisipasyon endistri, akademik ak gouvènman an nan komèsyalizasyon teknoloji enpòtan sa a nan bay aksè san parèy ak enfrastruktir avanse nesèsè pou sipòte sik devlopman konplè aplikasyon fotonik entegre aktyèl ak alavni".

**David Hame, Chèf Eksplwatasyon AIM Photonics, te deklare,** "Se yon epòk aplikasyon k ap emèje rapid apati fotonik sou silisyòm. Pral gen nouvo aplikasyon enpòtan k ap vini epi investisman sa a nan AIM Photonics pral afekte ekosistèm fotonik sou silisyòm lan nan bay aksè ak teknoloji fotonik san parèy".

### **Enfòmasyon sou AIM Photonics**

AIM Photonics se youn nan nèf Enstiti Inovasyon Fabrikasyon (Manufacturing Innovation Institutes, MII) ke Depatman Defans Etazini etabli ak jere pou pwofite pi bon pratik inovasyon ak komèsyal yo pou fè avanse lidèchip teknoloji konpetitif ak enterè sekirite nasyon an. AIM Photonics se yon manm tou nan rezo Manufacturing USA k ap chèche sekirize lidèchip global Etazini nan fabrikasyon avanse. Jwenn plis enfòmasyon sou [www.aimphotonics.com](http://www.aimphotonics.com).

###